



TÈS DEPISTAJ KANSÈ

KESYON AK REPONS

Avèk founisè w La

Sigjesyon kesyon ou kapab poze
founisè w nan pwochè vizit depistaj ou a.

Moun ki prezante l la se



H. Creole

Li enpòtan pou gen yon diskisyon ouvè avèk founisè swen sante w la. Poze kesyon ak prezizyon pou gide diskisyon w lan ka ede w pi byen konprann pwosesis depistaj la epi ede w bese risk pou w gen kansè.

Men kèk kesyon senp pou w konsidere pandan pwochèn randevou depistaj ou a.

Kesyon jeneral ou kapab poze pandan randevou w la.

1. Poukisa mwen dwe fè tèst depistaj?

2. Ki tèst depistaj kansè mwen ta dwe fè?

3. Chak kilè m dwe fè tèst depistaj?

4. Kòman m dwe prepare m pou randevou depistaj la?

5. Kisa k ap pase si rezilta depistaj la pozitif?

Si ou genyen kesyon oswa preyokipasyon
ki gen rapò ak tè depistaj kansè ou a, souple
rele navigatè pou pasyan ScreenNJ ou a nan
833-727-3665.

Lòt kesyon sou prevansyon kansè ou ka vle poze:

1. Ki kalite tè depistaj pou prevansyon kansè ki rekòmande
pou laj mwen?

2. Chak kilè m dwe fè tè depistaj pou kalite ki rekòmande a?

3. Ki kote m ka ale pou m fè tè depistaj mwen an?

4. Kòman m ka planifye tè depistaj mwen an, epi èske yon moun
ka asiste m nan pwosesis la?

5. Èske m ap gen pou m peye frè tè depistaj mwen an?

Lòt kesyon sou prevansyon kansè ou ka vle poze:

6. Ki risk ak avantaj ki genyen lè ou fè tès depistaj kounya pa rapò ak lè ou fè tès depistaj nan ta, lè m konsidere antesedan pèsonèl ak familyal mwen, faktè risk, ak dat mwen te fè dènye tès depistaj mwen an?

7. Kilè m ap jwenn rezilta tès depistaj mwen an?

8. Èske m bezwen planifye yon randevou pou suivi pou yo egzamine tès mwen an oswa èske m ka resevwa yon apèl telefòn?

9. Èske m ka jwenn yon kopi rezilta tès la?

10. Lòt kesyon m ka genyen:

Dat/lè pwochen randevou mwen an:

Yon navigatè pou pasyan kapab ede w devlope lòt kesyon pou vizit ou a. Souple kontakte nou nan **1.866.727.3665** oswa nan **patientnavigation@CINJ.Rutgers.edu** pou plis enfòmasyon sou sèvis navigatè gratis ScreenNJ nou an.

Referans fasil:

Ranpli Enfòmasyon sou kontak Founisè / Espesyalis ou yo Anba a

Kalite Founisè: _____

Non: _____

Nimewo Telefòn: _____

Vil/Vil: _____

Kalite Founisè: _____

Non: _____

Nimewo Telefòn: _____

Vil/Vil: _____

Kalite Founisè: _____

Non: _____

Nimewo Telefòn: _____

Vil/Vil: _____



Eskane kòd QR la oswa vizite lyen an pou jwenn plis enfòmasyon sou kijan ou kapab konekte ak yon navigatè pou pasyan oswa planifye tès depistaj ou a.



<https://go.rutgers.edu/ScreenNJ-DrQA>

Moun ki prezante l la se

